KHUTBAH IDUL ADLHA 1436 H
BAHASA DJAWI

اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ اَللهُ أَكْبَرُ
اَللهُ أَكْبَرُ كَبِيْرًا وَالْحَمْدُ لِلهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَأَصِيْلاً، لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ، اَللهُ أَكْبَرُ وَلِلهِ الْحَمْدُ. الْحَمْدُ لِلهِ الْقَائِلِ فِيْ كِتَابِهِ الْكَرِيْمِ (لَن يَنَالَ ٱللَّهَ لُحُومُهَا وَلَا دِمَآؤُهَا وَلَٰكِن يَنَالُهُ ٱلتَّقْوَىٰ مِنكُمْ

أَشْهَدُ أَنْ لاَّ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ، اللّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أٰلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِيْنَ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّيْنِ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلاَ تَمُوتُنَّ إِلاَّ وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

Ma'asyirol muslimin jamaah sholat idul adha ingkang berbahagia

Sakderengipun, monggo kulo lan panjenengan sedoyo tansah ningkataken iman soho taqwa kito dateng Allah Swt. Sarto boten kesupen tansah ngraosaken syukur dumateng Allah Swt. Keranten wonten ing enjang meniko, kulo lan panjenengan sami tasih pinaringan nikmat, hidayah lan ma'unah saking Gusti Allah sehinggo wonten ing enjing meniko tasih menangi dinten ingkang mulyo, inggih puniko riyadin qurban utawi idul Adha.

Hadirin kaum muslimin muslimat ingkang dipun mulyaaken Allah SWT

Enjing meniko kulo lan panjenengan sodoyo sami ngagungaken asmanipun Allah, sedoyo sami ngetingalaken kebahagiaanipun, jaler, estri, sepuh enem sedoyo medal saking dalemipun saperlu jumenengaken sholat Idul Adha, utawi Idul Qurban. Kawontenan meniko ngemutaken dateng kito sedoyo, bilih kito supados nulodho perjuanganipun Kanjeng Nabi Ibrahim alaihis salam ingkang sampun dipun serat wonten Al-Qur'an. Sejarah Rasul ingkang jejuluk kekasih Allah (Kholilulloh) meniko diserat ndamel tinta emas wonten buku-buku sejarah. Sikap tabah lan teguhipun ing dalem nglampahi perintah Allah, andadosaken Nabi Ibrohim dados panutan umat sepanjang zaman.

Sampun sami kito mangertosi bilih riyoyo qurban utawi Idul Adha meniko bersumber saking ceritanipun Nabi Ibrahim lan putranipun, Ismail. Sejarah lan riwayat ingkang wonten saklebetipun Idul Adha meniko boten namung kadamel dongeng-dongengan, cerito-ceritonan mawon. Nanging punopo ingkang dipun wujudaken deneng Allah meniko damel i'tibar, tamsil, contho, tulodho, dados pelajaran ugi pepenget kangge umat menungso sedoyo.
Dawuhipun Allah:

وَتِلْكَ ٱلْأَمْثَٰلُ نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ ۖ وَمَا يَعْقِلُهَآ إِلَّا ٱلْعَٰلِمُونَ ٤٣

Ingkang maksudipun : *conto-conto sing wis tak gawe iku kabeh kanggo keperluane menungso. Amung wae sing biso ngerteni marang maksud lan arti contho-contho mou namung wong-wong sing podo duwe kaweruh…".*

Semanten ugi sejarahipun Nabi Ibrahim AS ingkang pikantuk dawuh saking Allah supados nyembelih putro kinasihipun Ismail. Mekaten wou leres-leres wonten piwucal lan pepenget dateng poro menungso.

Sebab punopo nabi Ibrahim ingkang dados conto? Boten nabi ingkang sanesipun?
Wonten ing kitab tafsiripun, Imam Ibnu Katsir jelasaken bilih Allah Swt ngutus 313 Rasul lan 124 ewu nabi. Lan salah setunggalipun nabi ingkang dados panutan inggih puniko Nabi Ibrahim As.

قَدْ كَانَتْ لَكُمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ فِيٓ إِبْرَٰهِيمَ وَٱلَّذِينَ مَعَهُۥ

> *Saktemene ono conto sing apik kanggo siro kabeh marang Ibrahim lan wong-wong sing bareng Ibrahim.* (QS. Al-Mumtahanah:4)

Ma'asyirol muslimin jamaah sholat idul adha rahimakumullah

Menopo sebabipun Allah ta'ala dawuh perintah dateng kekasihipun Nabi Ibrohim AS supados nyembelih putronipun? Naliko nabi Ibrahim dereng kagungan putro nate kagungan nadzar ingkang ringkesipun: aku ora eman lamun aku duwe anak lanang banjur anakku tak gawe qurban, tak sembelih menawi didawuhi Allah.

Sakwatawis dangu, panjenenganipun nabi Ibrahim nyuwun dateng Allah supados dipun paringi putro. Akhiripun nabi Ibrohim kasembadan keparingan putro ingkang dipun paringi asmo Ismail. Naliko sampun dewoso nabi Ibrahim dipun tagih utawi dipun uji deneng Allah supados nyembelih putranipun. Ingkang akhiripun kalih Allah dipun ijoli mendo naliko nabi Ibrahim bade nyembelih Ismail.

Allahu akbar….allahu akbar…. allahu akbar …. walillahilhamd

Sejatosipun tradisi qurban utawi nyembelih qurban sampun dikenal dangu. Kados kisah putranipun Nabi Adam, Qobil lan Habil. Kisahipun, Qobil lahir sareng sederek putri ingkang ayu ingkang asmo Iqlima. Habil lahir sareng sederek putri ingkang asmo Labuda ingkang boten ayu. Wonten ing ajaran Nabi Adam dipun anjuraken nikahaken sederek kandung putri angsal sederek jaler saking lintu ibu. Artosipun, Qobil kedah nikah kaliyan Labuda Habil nikah pikantuk Iqlima. Amargi Labuda boten ayu, qobil boten terimo. Akhiripun Qobil Habil sepakat maringi qurban dateng Allah. Qobil qurban tanduran utawi bondo ingkang awon, Habil qurban mendo ingkang paling sae. Akhiripun qurban Habil ingkang dipun tampi Allah Swt.

Wonten riwayat, simbah ipun Nabi Muhammad, Abdul Mutholib nate nadzar menawi dipun paringi putro jaler 10 bade nyembelih setunggal kagem qurban. Akhiripun dipun ijabahi Allah lan undian putro ingkang disembelih dumawah dateng ramanipun Nabi Muhammad, Abdullah. Ngertos nadzaripun Abdul Mutholib, kaum Quraisy nyegah supados nadzaripun digantos nyembelih 100 unta. Sehinggo Nabi Muhammad enten ingkang juluki 'putro 2 sesembelihan' inggih puniko Ismail bin Ibrahim lan Abdullah bin Abdul Mutholib.

Ma'asyirol muslimin rahimakumullah

Ingkang sampun kulo aturaken wonten ing ngajeng kolo wau, bilih kisah-kisah ingkang dipun sebataken Allah meniko mengku tulodho utawi piwucal dumateng kulo lan panjenengan sedoyo.

Hikmah ingkang saget kito pendet wonten ing Idul Adha inggih puniko, antawisipun :

1. Taqorub utawi ibadah nyaket dumateng marang Allah.
   Lafad qurban saking bahasa Arab ***qoroba yaqrobu qurbanan*** ingkang gadahi arti cerak, parek, cedak. Artosipun tiyang ingkang qurban berarti nyaket dumateng marang Allah. Amargi qurban salah satunggalipun cara nyaket dumateng Allah. Lan sak sampunipun umat nyaket dumateng Allah, mesti Allah bakal ngangkat derajat umat kala wau. Kados ingkang sampun dipun conto aken Nabi Ibrahim rikolo dipun dhawuhi nyembelih putro kinasihipun.
   Nanging dening Allah pun gantos dados *mendo gibas*. Amargi ketaatan Nabi Ibrahim, lajeng Allah ngangkat derajatipun.
   Mugi-mugi kulo lan panjenengan sedoyo ingkang sami qurban kanti manah ingkang ikhlas lan sae dipun tampi deneng Allah lan saget dados lantaran derajat kulo panjenengan sami dipun angkat deneng Allah. Amin…

   Wonten ing kitab *Misykatul Anwar* anggitanipun Imam Al Ghozali pun sebataken bilih Nabi Ibrahim gadah ternak arupi 1000 ekor domba, 300 sapi lan 100 unta. Riwayat lintu

ngendikakaken bilih kekayaanipun Nabi Ibrahim 12.000 ternak. Nate Nabi Ibrahim dipun dangu, "Gadhahane sinten rajakaya sakmenten katahe puniko?" Nabi Ibrahim jawab, "Sedaya puniko Kagunganipun Allah. Nanging wekdal puniki taksih dados hak kulo. Sak wanci-wanci Gusti Allah ngersakaken mundut, dalem siap ngaturaken sedaya. Mboten namung rajakaya. Anak kula, Ismail menawi pun kersak aken dening Gusti Allah badhe kulo caosaken."

Meniko lah tulodo saking Nabi Ibrahim. Senajan gadah kekayaan ingkang katah nanging boten ngalang-ngalangi saking ibadah, eling marang Allah.

2. Qurban anglatih, ndidik keikhlasan.
Tiyang ingkang ikhlas lan siap berkorban biasanipun tegar, tabah menawi wonten cobaan ugi penderitaan. Kados Nabi Ibrahim ingkang dipun dhawuhi mragat putranipun. Keranten raos ikhlas dateng dhawuhipun Gusti Allah, Nabi Ibrahim saget tegar lan tabah, mboten gersulo kakean sambat.

Keikhlasan saget nebihaken tiyang saking sifat zalim/anioyo. Tiyang ingkang ikhlas wonten nopo kemawon boten bakal nglarani tiyang sanes. Ugi tiyang ingkang ikhlas meniko biasanipun sanggup ngorbanaken diri kagem kepentingan umat. Ibarat lilin, tiyang ingkang gadhahi manah ikhlas saget ngalahi awakipun musna kobong lan meleleh supados cahayanipun saget nerangi sekitar, nerangi keluarga, nerangi tetangga lan masyarakat.

Tiyang ingkang ikhlas berkurban ugi boten bakal zolim dateng awake dewe. Ateges tiyang ikhlas bakal berkorban kanti bondo ingkang sae. Milo wonten ing ibadah kurban dipun syarataken sesembelihan qurban ingkang sae, sehat lan boten cacat.

Nanging perlu kulo lan panjenengan sedoyo mangertosi bilih sanes kuru utawi lemunenipun qurban. Sanes ugi daging utawi getihipun ingkang dipun tampi Allah. Ananging ingkang dipun tampi inggih puniko taqwanipun tiyang ingkang qurban. Tiyang ingkang taqwa mesti mempersembahkan ingkang paling sae dateng Dzat Ingkang Dadosaken, Allah Swt.

لَن يَنَالَ ٱللَّهَ لُحُومُهَا وَلَا دِمَآؤُهَا وَلَٰكِن يَنَالُهُ ٱلتَّقْوَىٰ مِنكُمْۚ

"Allah ora nompo daging lan ora getehe qurban. Nanging Allah nompo taqwa siro kabeh"

3. Bucal Sifat Hewani
Qurban ingkang arupi nyembelih hayawan saget dados simbol kagem ingkang qurban, inggih puniko nyembelih sifat-sifat hewan ingkang manggen wonten ing jiwo kito. Hayawan meniko, kados mendo, sapi, unto gadah sifat menawi pados panganan, suket, tanduran-tanduran boten peduli kangungane sinten. Sing penting ijo, nggih dipun pangan. Semanten ugi manungso enten ingkang gadahi sifat mekaten. Boten peduli saking pundi asalipun pados rejeki. Boten peduli niku haram utawi halal. Boten peduli niku cecak utawi kadal. Boten peduli niku watu nopo aspal. Boten peduli niku sepatu nopo sandal. Sing penting saget diuntal. Kadang enten ingkang pados rejeki kanti nyikut rencange, ngidak-ngidak sedulure, kados hayawan ingkang angsal panganan nanging boten terimo menawi enten hayawan lintu derek mangan. Na'udzubillah. Hayawan meniko boten mangan panganan saklintune panganane. Kados mendo, sapi ingkang mangan suket. Macan ingkang mangan daging. Menawi sapi diparingi daging boten purun mangan semanten ugi macan diparingi suket boten purun mangan. Menawi kulo lan panjenengan sedoyo, nopo-nopo purun.

Milo kanti wontenipun ibadah qurban meniko kulo lan panjenengan sami bucal sifat-sifat hewaniyah ingkang wonten ing jiwo kito. Menawi kulo lan panjennegan sedoyo boten bucal lan tasih anggadahi sifat meniko berarti kulo lan panjenengan sedoyo sami kalih hewan bahkan luwih ino saking hewan meniko.

وَلَقَدْ ذَرَأْنَا لِجَهَنَّمَ كَثِيرًا مِّنَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِۖ لَهُمْ قُلُوبٌ لَّا يَفْقَهُونَ بِهَا وَلَهُمْ أَعْيُنٌ لَّا يُبْصِرُونَ بِهَا
وَلَهُمْ ءَاذَانٌ لَّا يَسْمَعُونَ بِهَآۚ أُوْلَٰٓئِكَ كَٱلْأَنْعَٰمِ بَلْ هُمْ أَضَلُّۚ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْغَٰفِلُونَ ١٧٩

“Saktemene ingsun dadekake kanggo isine neroko jahannam soko jin lan menungso. Deweke duwe ati, nanging ora digunakke kanggo mahami ayat-ayat Allah. Lan deweke duwe mripat nanging ora digunake kanggo delok tanda-tanda kekuasaan Allah, lan dewekke duwe kuping, nanging ora digunakke kanggo ngrungokne ayat-ayat Allah. Dewekke koyo kewan ternak, bahkan luwih ino. Dewekke termasuk golongane wong sing podo lali.”

4. Pendidikan Keluarga

Keluarga Nabi Ibrahim meniko dados simbol keluarga ingkang harmonis ingkang dipun landasi cinta dateng Allah Swt. Keluarga ingkang dipun landasi raos tresno, cinta dateng Allah pasti keluarga meniko saget harmonis. Hubungan suami-istri, hubungan tiyang sepuh-putra soho hubungan putra- tiyang sepuh, saget terjalin kanthi sae.

Dipun riwayataken, Nabi Ibrahim angsal perintah supados ngajak garwo lan putranipun ingkang tasih bayi wonten lembah tandus, gersang, boten enten tanduran ugi sumber toyo. Tempat ingkang dereng enten penghuni, ingkang tebih saking tempat tinggalipun Nabi Ibrahim, Palestina. Tebihipun kirang langkung 1600 KM. Nabi Ibrahim boten ngertos punopo ingkang dipun kersakaken dening Gusti Allah perintah mekaten.

Nabi Ibrahim namung ikhlas lan tawakkal nampi perintah meniko. Nalika Nabi Ibrahim bade nilar Siti Hajar lan Ismail, Siti Hajar tanglet dateng keng Garwa, Nabi Ibrahim “*Wahai Kang Mas Ibrahim panjenengan bade tindak dhateng pundi, panjenengan nilar kulo lan Ismail ing mriki uga mboten enten ingkang nyekapi kebetahan kulo?*”. Ibrahim mboten mangsuli, ugi nalika Hajar nangleti maleh Ibrahim mboten mangsuli, Siti Hajar tanglet, *“Punapa Allah ingkang dhawuh panjenengan maketen?* Ibrahim as mangsuli, “*Iyo”. Hajar* . Lajeng Siti Hajar matur*: “menawi mekaten mesti Allah mboten badhe nyia-nyiaaken kita sedaya”.*

Meniko gambaran istri ingkang toat dateng perintah garwanipun senaoso perintah meniko awrat. Kanti sedoyo puniko dipun landasi taqwa lan tawakkal dateng Allah Swt.

Semanten ugi naliko Allah merintahaken Ibrahim supados nyembelih Ismail, Ibrahim ketingal sedih, susah. Amargi sejatosipun boten wonten tiyang sepuh ingkang tego mragat putra piyamnak. Semanten ugi Nabi Ibrahim boten egois langsung mragat Ismail. Nanging dipun musyawarohaken kaleh putranipun kinasih puniko. Lan putranipun boten bantah dateng ramanipun. Ingkang ateges Ismail meniko dados simbol putro ingkang sholih. Putro ingkang sholih tansah toat dateng tiyang sepuhipun.

فَلَمَّا بَلَغَ مَعَهُ ٱلسَّعۡيَ قَالَ يَٰبُنَيَّ إِنِّيٓ أَرَىٰ فِي ٱلۡمَنَامِ أَنِّيٓ أَذۡبَحُكَ فَٱنظُرۡ مَاذَا تَرَىٰۚ قَالَ يَٰٓأَبَتِ ٱفۡعَلۡ مَا تُؤۡمَرُۖ سَتَجِدُنِيٓ إِن شَآءَ ٱللَّهُ مِنَ ٱلصَّٰبِرِينَ ١٠٢

Artinya: Naliko teko mogsone Ibrahim ngomong "Hai anakku saktemene aku ndeleng jero impi menawa aku mbeleh kowe. mula mikirna apa pamikirmu !" dheweke njawab: "Hai bapakku, tindakno apa sing diperintahke dateng panjenengan ; insya Allah panjenengan nemu kulo klebu tiyang-tiyang ingkang sabar"(QS Aa-saffat: 102)

Menawi kulo lan panjenengan sedoyo tingali wonten ing akhir-akhir meniko katah keluarga ingkang boten harmonis, salah setunggal sebabipun garwo ingkang boten toat, tiyang sepuh ingkang tego nganioyo lan mbuang putranipun, boten ngurusi putranipun amargi alasan kesibukan, ugi putro ingkang kanti tego gugat ibunipun piyambak 1 Milyar namung goro-goro urusan lemah. *Na’udzubillah min dzalik.*

Milo kanthi dinten riyoyo Idul Adha meniko mugi-mugi saget dados piwucal dateng kito supados bangun keluarga ingkang harmonis ingkang dipun landasi cinta. Cinta Allah lan cinta dateng keluargo.

أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطنِ الرَّجِيْمِ. بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيمِ. إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ . بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ. وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فيه مِنَ الآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ. وَتَقَبَّلْ مِنِّيْ وَمِنْكُمْ تِلاوَتَهُ اِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ. فَاسْتَغْفِرُوْا اِنَّهُ هُوَالْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ

Khutbah Kedua Idul Adlha

اللهُ اَكْبَرْ (3×) اللهُ اَكْبَرْ (4×) اللهُ اَكْبَرْ كبيرا وَالْحَمْدُ للهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ الله بُكْرَةً وَ أَصْيْلاً لاَ اِلَهَ اِلاَّ اللهُ وَاللهُ وَ اللهُ اَكْبَرْ اللهُ اَكْبَرْ وَللهِ اْلحَمْدُ

اَلْحَمْدُ للهِ عَلىَ اِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلىَ تَوْفِيْقِهِ وَاِمْتِنَانِهِ. وَاَشْهَدُ اَنْ لاَ اِلَهَ اِلاَّ اللهُ وَاللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ وَاَشْهَدُ اَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ الدَّاعِى اِلىَ رِضْوَانِهِ. اللهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى اَلِهِ وَاَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيْمًا كِثيْرًا

اَمَّا بَعْدُ فَياَ اَيُّهَا النَّاسُ اِتَّقُوااللهَ فِيْمَا اَمَرَ وَانْتَهُوْا عَمَّا نَهَى وَاعْلَمُوْا اَنَّ اللهَ اَمَرَكُمْ بِاَمْرٍ بَدَأَ فِيْهِ بِنَفْسِهِ وَثَـنَى بِمَلآ ئِكَتِهِ بِقُدْسِهِ وَقَالَ تعَالَى اِنَّ اللهَ وَمَلآ ئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلىَ النَّبِى يآ اَيُّهَا الَّذِيْنَ آمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا. اللهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلِّمْ وَعَلَى آلِ سَيِّدِناَ مُحَمَّدٍ وَعَلَى اَنْبِيآئِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلآئِكَةِ اْلمُقَرَّبِيْنَ وَارْضَ اللّهُمَّ عَنِ اْلخُلَفَاءِ الرَّاشِدِيْنَ اَبِى بَكْرٍوَعُمَروَعُثْمَان وَعَلِى وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِيْنَ وَتَابِعِي التَّابِعِيْنَ لَهُمْ بِاِحْسَانٍ اِلَىيَوْمِ الدِّيْنِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا اَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ

اَللهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِيْنَ وَاْلمُؤْمِنَاتِ وَاْلمُسْلِمِيْنَ وَاْلمُسْلِمَاتِ اَلاَحْيآءُ مِنْهُمْ وَاْلاَمْوَاتِ اللهُمَّ اَعِزَّ اْلاِسْلاَمَ وَاْلمُسْلِمِيْنَ وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَاْلمُشْرِكِيْنَ وَانْصُرْ عِبَادَكَ اْلمُوَحِّدِيَّةَ وَانْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّيْنَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ اْلمُسْلِمِيْنَ وَ دَمِّرْ اَعْدَاءَالدِّيْنِ وَاعْلِ كَلِمَاتِكَ اِلَى يَوْمَ الدِّيْنِ. اللهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا اْلبَلاَءَ وَاْلوَبَاءَ وَالزَّلاَزِلَ وَاْلمِحَنَ وَسُوْءَ اْلفِتْنَةِ وَاْلمِحَنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا اِنْدُونِيْسِيَّا خَآصَّةً وَسَائِرِ اْلبُلْدَانِ اْلمُسْلِمِيْنَ عآمَّةً يَا رَبَّ اْلعَالَمِيْنَ. رَبَّنَا آتِناَ فِى الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِى اْلآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا اَنْفُسَنَاوَاِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُوْنَنَّ مِنَ اْلخَاسِرِيْنَ. عِبَادَاللهِ ! اِنَّ اللهَ يَأْمُرُنَا بِاْلعَدْلِ وَاْلاِحْسَانِ وَإِيْتآءِ ذِى اْلقُرْبىَ وَيَنْهَى عَنِ اْلفَحْشآءِ وَاْلمُنْكَرِ وَاْلبَغْي يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ وَاذْكُرُوااللهَ اْلعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوْهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللهِ اَكْبَرْ